



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF POU REPRIME FWOD PANDAN PANDEMI AN

Lejislasyon (A.1431/S.1120) ogmante montan rekonpans yo bay moun ki rapòte fwod

Lejislasyon (S.4954-C/A.9193-B) ogmante sanksyon pou fwod ki fèt pandan yon eta dijans te deklare

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif pou reprime fwod pandan pandemi an. Nan ogmante rekonpans pou rapòte fwod ak ogmante penalite pou fwod ki fèt pandan ijans eta tankou pandemi COVID-19, nouvo lwa sa yo pral dekouraje moun yo komèt krim sa a epi pral ankouraje rapòte fwod yo.

"N ap voye yon mesaj klè: New York gen zewo tolerans pou fwod, espesyalman nan moman bezwen ki pi kritik nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo lwa sa yo pral pwoteje Nouyòkè yo epi ankouraje yo pou yo rapòte fwod epi ede yo ak efò rekipasyon yo pandan l ap reprime move aktè ak tantativ twonpè yo pou yo fè pwofi pandan ijans yo".

Lejislasyon (A.1431/S.1120) ogmante kantite lajan yo bay moun ki rapòte fwod ki gen rapò ak yon Eta Dijans. Pandan tout pandemi COVID-19 la, Nouyòkè yo te rapòte ke yo te wè zak ki kapab fwod ke yo te komèt sou eta a. Kounye a, sitwayen prive yo ka depoze yon pwosè sivil sou non gouvènman an pou ede rekipere lajan ki fèt nan fwod epi yo ka jwenn rekonpans yon pousantaj nan lajan yo rekipere yo. Avèk nouvo lwa sa a, moun k ap denonse yo ka elijib pou resevwa lajan anplis si fwod la te komèt pandan yon eta dijans.

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Kòm pou lòt eta ijans, tankou siklòn Sandy oswa 11 septanm, bezwen pou entèvni byen vit kreye opòtinite pou moun ki komèt fwod. Nan depoze yon pwosè denonsyatè qui tam, sitwayen yo ka resevwa yon pousantaj nan lajan ki rekipere a. Fon gouvènman an limite, sitou akòz pandemi an. Lwa sa a ankouraje moun k ap denonse yo pou yo bay enfòmasyon pou ede eta a rekipere lajan ak dekouraje tranzaksyon kriminel yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen lwa sa a epi mwen apresye travay di Senatè Eta Kaminsky pou adopte l nan sena eta a".

Lejislasyon (S.4954-C/A.9193) ogmante penalite pou fwod ki fèt pandan yon Eta Dijans deklare. Lejislasyon sa a pral enpoze penalite lajan sou nenpòt patenarya, sosyete, konpayi, konfyans oswa asosyasyon, oswa moun ki komèt fwod sa yo. Nouvo lwa a otorize Pwokirè Jeneral la pran aksyon pou penalite sivil kont antite sa yo.

Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare, "Pandan gwo pandemi an, Nouyòkè yo te twonpe pa anakè ki t ap eseye pwofite moman difisil yo. Biwo mwen an te pran mezi enpòtan pou sispann fwod, konbat pri abizif nan machandiz esansyèl, ak rekipere plizyè milyon dola pou konsomatè yo te twonpe. Nouvo lwa sa a pral ranfòse kapasite nou pou nou kouri dèyè moun k ap eseye pwofite Nouyòkè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, Senatè Myrie ak Manm Asanble Rozic paske yo te pran mezi enpòtan sa a pou pwoteje Nouyòkè yo".

Senatè Eta Zellnor Myrie te deklare, "Nouvo lwa sa a se yon deklarasyon klè pou anakè ak magouyè potansyèl yo: si yo pwofite konsomatè New York yo pandan moman difisil sa a, pri pou yo fè biznis ap vin pi wo anpil. Nouyòkè yo deja pèdi plis pase 80 milyon dola nan fwod ki gen rapò ak pandemi epi ogmante penalite pou krim kolye blan sa yo pral ede dekouraje yo kounye a ak pandan kriz alavni. Mwen rekonesan anvè Manm Asanble patnè mwen an, Nily Rozic, ak Gouvènè a dèske li te siyen pwojè lwa nou an".

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Pandan tan kriz, konsomatè yo gen plis risk pou yo twonpe yo ak fè fwod sou yo. Nouvo lwa sa a pral asire moun ki pwofite Nouyòkè yo nan moman yo pi vilnerab yo pral resevwa anpil sanksyon. Mèsi Gouvènè Hochul paske w te siyen lwa enpòtan sa a".

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pwoteje Nouyòkè yo kont fwod ak aktè malonèt yo, espesyalman pandan ijans lè rezidan yo pi vilnerab, se yon pi gwo priyorite Divizyon Pwoteksyon Konsomatè nou an ak Eta New York. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa enpòtan sa yo ak pou angajman kontinyèl li anvè konsomatè New York yo".

###